

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra mangrupa hal anu geus teu ahéng deui kadéngéna di kalangan masarakat, hususna pikeun jalma-jalma anu resep kana karya sastra boh sacara tinulis boh sacara lisan. Salian ti éta, loba pisan wangun karya sastra anu hirup di sabudeureun masarakat. Karya sastra jadi salasahiji média anu bisa dipaké ku manusa pikeun nepikeun kahayang, ngajelaskeun rasa, pikiran jeung maksud anu hayang dihontal ngaliwatan tulisan dina karya sastra (Alia, 2021, kc. 142).

Karya sastra salian ti jadi hiburan pikeun nu macana, ogé bisa jadi bahan pangajaran dina kahirupan ngaliwatan bacaan-bacaan anu miboga ajén-inajén nu aya di satukangeunna (Yanti, 2015, kc. 1). Karya sastra mangrupa hasil tina daya imajinatif manusa nu aya dina jero pikiran pangarang sarta diébréhkeun ngaliwatan karyana, ogé mangrupa prosés kréatif anu bisa jadi wadah aktualisasi diri, taya lian pikeun ngaéksprésikeun pamikiran-pamikiran pangarang dina ngagelarkeun karyana (Isnendes, 2010, kc. 10). Dina prosés kréatif nyieun hiji karya sastra hususna drama, pangarang tangtuna ngasupkeun unsur-unsur anu miboga ajén luhur pikeun pangajaran dina kahirupan manusa. Ajén-ajén anu hayang ditepikeun ku pangarang tangtu baé teu leupas tina peran tokoh dina carita. Sangkan caritana bisa hirup, aya pasipatan atawa karakter dina unggal tokoh. Ieu karakter téh teu leupas tina ngajanggélékna pasipatan-pasipatan manusa nu aya di alam dunya. Ieu hal jadi daya kréativitas pangarang pikeun ngébréhkeun eusi haté jeung pamikiranna.

Wangun karya sastra Sunda téh aya tilu, nyaéta prosa, puisi, jeung drama. Dina ieu panalungtikan bakal leuwih jero ngabahas ngeunaan drama. Drama jadi salasahiji wangun karya sastra anu nyampak di sabudeureun urang Sunda. Drama mangrupa karya sastra anu ngungkapkeun carita ngaliwatan média dialog-dialog tokoh (Koswara, 2021, kc. 107). Lian ti éta, nurutkeun Isnendes (2010, kc. 75) drama nyaéta karangan sastra anu midangkeun carita atawa lakon dina wangun dialog. Drama mangrupa salasahiji karya sastra anu ngagambarkeun paripolah manusa anu ngandung konflik dina wangun dialog jeung aktuing di hareupeun anu nongton (Rachmani, 2021, kc. 28). Cindekna drama téh mangrupa salasahiji karya

sastra anu miboga ciri has sorangan dina nepikeun caritana, nyaéta ngaliwatan dialog-dialog unggal tokohna pikeun dipintonkeun ku cara diperankeun ku aktor atawa aktris di hareupeun anu nongton.

Panalungtikan anu medar ngeunaan naskah drama téh masih kawilang langka, sabab saeutikna buku anu dipedalkeun husus ngawadahan naskah drama anu aya di sabudeureun urang. Ieu pamadegan téh dirojong ogé ku pamadegan séjén, nyaéta Dwijayanto dina Rachmani (2021, kc. 29) anu nétélakeun yén naskah drama masih kurang diaprésiasi sabab naskah drama di Indonesia can aya anu ngadokuméntasikeun sacara bener. Salian ti éta, naskah drama ogé langka anu kapaluruh, sabab biasana naskah drama téh sok jadi invéntaris pangarangna sorangan, sarta langka anu dibukukeun sacara husus. Kurangna anu nulis naskah drama ogé, hususna dina basa Sunda jadi salasahiji cukang lantaran saeutikna jumlah naskah drama basa Sunda anu nyampak ayeuna.

Naskah drama “Tungtungna Tunggara” karya Ayi G. Sasmita mangrupa naskah drama anu ditulis tur kungsi diilubiungkeun dina pasanggiri nulis naskah drama Sunda. Éta pasanggiri mangrupa salasahiji kagiatan dina féstival drama Sunda nu dilaksanakeun ku Téater Sunda Kiwari, di Bandung. Ieu naskah drama lobana 28 kaca, ditulis tanggal 16 Séptémber 2012 di Subang ku Ayi G. Sasmita. Ieu naskah drama can kungsi diterbitkeun, tur kiwari jadi koléksi Téater Sunda Kiwari. Alesan ieu naskah drama dipilih, lantaran can aya anu nalungtik, sarta mangrupa salasahiji naskah drama Favorit Remaja dina Féstival Drama Basa Sunda Téater Sunda Kiwari taun 2013. Salian ti éta, ieu naskah ogé luyu jeung kayaan masarakat ayeuna hususna kaum rumaja anu keur néangan jati diri sarta keur butuh perhatian ti kolotna. Dina ieu naskah ogé bisa dijadikeun pieunteungeun pikeun masarakat ngeunaan bahayana pergaulan rumaja saupama teu diarahkeun.

Naskah drama “Tungtungna Tunggara” eusina nyaritakeun ngeunaan katunggaran anu jadi anak. Sandra ngaranna, anak anu kurang kanyaah ti kolotna lantaran kolotna sibuk ku urusan pagawéan. Antukna Sandra téh ngarasa nyorangan, henteu boga batur pakumaha jeung salah nyokot léngkah anu ngabaluarkeun Sandra divonis ku dokter boga panyakit HIV, sabab salah pergaulan. Ieu panyakit téh aya lantaran Sandra maké obat-obatan terlarang. Sandra hayang diperhatikeun ku kolotna anu geus lila teu maliré ka manéhna. Saprak

bapana jadi pajabat geus euweuh kaharmonisan di kulawargana. Bapana sibuk nguruskeun rahayat ari indungna sibuk nguruskeun seminar anu diayakeun di kota boh luar kota. Ahirna indung jeung bapa Sandra sadar kana kalakuanna anu salah, tapi Sandra geus teu bisa walakaya, geus samar tetempoan, geus nepi ka waktuna. Indung jeung bapana ngan bisa nyaksian anakna anu keur sakarat, dibarengan ku rasa kaduhung anu kabina-bina lantaran geus teu maliré ka anakna.

Unggal karya sastra pasti diwangun ku unsur-unsur anu ngawangun carita, di antarana unsur formal jeung naratif. Ieu hal kadang dianggap teu penting tapi ari dina enas-enasna pikeun bisa maham hiji karya sacara gembeng nu maca kudu apal kana unsur-unsur struktural anu ngawangun éta karya sastra. Ieu hal penting sangkan nu maca bisa maham sakabéh eusi anu hayang ditepikeun ku pangarang ngaliwatan tulisanna. Salian ti unsur struktural, dina unggal karya sastra ogé aya tokoh-tokoh anu miboga peran penting nu ngahirupkeun eusi carita, konflik-konflik anu karandapan ku unggal tokoh bisa nimbulkeun katégangan jeung rasa panasaran nu maca kana eusi carita. Unggal tokoh téh miboga konflik, unsur-unsur kajiwaan (sifat-sifat) atawa psikologis anu bakal mangaruhan ogé kana jalanna carita dina hiji karya sastra. Saluyu jeung pamadegan ti Ristiana jeung Adeani (2017, kc. 49) yén lobana masalah dina kahirupan nyata, anu ditepikeun ku panulis ngaliwatan karyana bisa ngahasilkeun konflik anu sampurna. Pangarang ngasupkeun aspék-aspék kamanusaan (psikologi) kana diri unggal tokoh sangkan tokohna bisa leuwih hirup dina caritana. Ieu bahasan anu bakal jadi puseur dina ieu panalungtikan. Ku kituna, ieu hal kudu jadi perhatian ogé penting saupama aya analisis ngeunaan struktural jeung psikologi tokoh dina karya sastra. Ieu pamarekan téh disebut psikologi sastra anu analisisna suméndér kana tiori psikologi humanistik Abraham Maslow dina Minderop (2010, kc. 48) anu leuwih nyoko kana nganalisis tokoh tur panokohan dina karya sastra.

Nurutkeun Ratna (2013, kc. 343) yén hakékatna psikologi sastra téh méré perhatian kana unsur-unsur kajiwaan tokoh-tokoh fiksional anu aya dina hiji karya sastra, udaganna pikeun maham aspék-aspék kajiwaan anu nyampak dina karya sastra. Nurutkeun Wellek jeung Warren dina Ratna (2013, kc. 350) hiji karya sastra anu suksés, bisa ditilik saupama psikologina geus bisa ngahiji jadi karya seni. Ku kituna, éta hal téh jadi indikator suksésna hiji karya sastra.

Aya tilu cara pikeun mikanyaho kumaha patalina antara psikologi jeung sastra, nya éta maham kana unsur-unsur kajiwaan pangarang salaku panulisna, maham kana unsur-unsur kajiwaan tokoh-tokoh fiksional dina karya sastra, sarta maham kana unsur-unsur kajiwaan anu maca (Ratna, 2013, kc. 343).

Luyu jeung anu geus dipedar di luhur, yén aya patalina antara psikologi jeung karya sastra dina unsur tokoh jeung penokohana. Ku euyebna tokoh-tokoh anu aya dina jero naskah drama karasa merenah saupama ieu naskah drama téh diulik maké pamarékan psikologi. Ku kituna bakal merenah pisan saupama diayakeun panalungtikan ngeunaan karya sastra wangun drama anu judulna “Tungtungna Tunggara” karya Ayi G. Sasmita anu diulik ku psikologi sastra. Ieu analisis maké pamarekan psikologi sastra, anu suméndér kana tiori psikologi sastra humanistik Abraham Maslow dina Minderop (2010, kc. 48) anu leuwih nyoko kana nganalisis kajiwaan tokoh tur panokohan dina karya sastra. Sangkan ieu panalungtikan ngéntép seureuh, saacan nalungtik kana tiori anu satuluyna, nyaéta psikologi sastra. Ieu panalungtikan téh dipesék heula ku tiori struktural Robert Stanton anu mesék unsur naratif jeung tiori struktural Sumardjo jeung Saini KM anu mesék unsur formalna. Ulukan struktural pikeun hiji karya sastra dilakonan pikeun nganalisis unsur-unsur intrinsik karya sastra. Analisis struktur karya sastra nu udaganana pikeun ngaguar sacara taliti, jero, jeung detail sakabéh hubungan unsur karya sastra anu ngahasilkeun ma’na anu sagemblengna (Teeuw, 2017).

Aya sababaraha panalungtikan anu sawanda jeung ieu panalungtikan dumasar kana pamanggih panulis nyaéta nganalisis maké pamarekan struktural jeung psikologi sastra, di antarana “Naskah Drama Manusa Jero Botol Saduran Rosyid E. Abby (Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra)” ku Tina Wiarsih (2017), “Naskah Drama Kalangkang Karya Nazarudin Azhar (Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra)” ku Muhammad Febri Diantoro (2018), “Naskah Drama Raja Wales Karya R. Hidayat Suryalaga pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Aprésiasi Drama di SMA Kelas XI (Ulukan Struktural jeung Semiotik)” ku Ferdina Husdianto (2018), “Naskah Drama Salayar Dami Karangan Nazarudin Azhar (Ulukan Struktural jeung Sosiologi Sastra)” ku Santi Nurjanah (2018), “Naskah Drama Murangkalih Geber-Geber Hihid Aing Karya Wahyu Wibisana dina Tilikan Struktural pikeun Bahan Pangajaran Paguneman di Kelas V SD” ku Galih Nugraha

Permana (2017), “Naskah Drama Sanghiang Tapak Karya R. Hidayat Suryalaga (Ulukan Struktural jeung Etnopedagogik)” ku Irma Subantari (2016), “Karakteristik Tokoh dina Naskah Drama “Bom” Karya Yoseph Iskandar pikeun Bahan Pangajaran di SMA” ku Ridwan Saidi (2009), “Ulukan Struktural jeung Psikologi Humanistik dina Naskah Drama Tukang Asahan Karya Wahyu Wibisana” ku Salma Fakhira (2021), jeung “Naskah Drama Ringkang Peuting Saduran Rosyid E. Abby (Ulukan Struktural jeung Sosiologi Sastra)” ku Muhammad Munif (2021).

Sanajan ieu panalungtikan sawanda jeung sababaraha panalungtikan anu geus kapanggih ku panulis, tapi ari dina enas-enasna mah tangtuna aya anu béda, nyaéta naskah drama anu dianalisisna jeung ambahan dina analisisna. Dina ieu panalungtikan subjékna nyaéta naskah drama “Tungtungna Tenggara” karya Ayi G. Sasmita sarta analisisna nyoko kana tiori struktural jeung psikologi sastrana.

Ieu panalungtikan téh miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun struktur formal, struktur naratif jeung kapribadian tokoh anu aya dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” karya Ayi G. Sasmita.

Naskah drama “Tungtungna Tenggara” karya Ayi G. Sasmita ieu can kungsi ditalungtik sacara struktural jeung psikologi sastra. Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “Naskah Drama Tungtungna Tenggara Karya Ayi G. Sasmita (Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra)” perlu pikeun dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, idéntifikasi jeung rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah, sangkan panalungtik puguh jujutanana tangtu perlu pisan diwatesanan. Ieu panalungtikan nyawang kana pamarekan struktural jeung psikologi sastra. Masalah anu diidéntifikasi dina ieu panalungtikan nyaéta nganalisis jeung ngadéskripsikeun:

- 1) struktural anu mesék unsur intrinsik naskah drama, di antarana struktur formal jeung naratif anu ngawangun naskah drama “Tungtungna Tenggara” karya Ayi G. Sasmita; jeung

- 2) psikologi tokoh dina naskah drama, anu masualkeun ngeunaan konflik kajiwaan anu karandapan ku unggal tokoh dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” karya Ayi G. Sasmita.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang jeung idéntifikasi masalah di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur formal dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” karya Ayi G. Sasmita?
- 2) Kumaha struktur naratif dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” karya Ayi G. Sasmita?
- 3) Kondisi psikologis naon baé anu karandapan ku tokoh dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” karya Ayi G. Sasmita?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan dipasing-pasing jadi tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) pikeun maluruh tur ngaguar struktur jeung aspék psikologi dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” karya Ayi G. Sasmita;
- 2) pikeun ngamumulé sastra Sunda hususna dina widang katéateran;
- 3) ngarojong kamekaran élmu pangaweruh hususna dina widang sastra; jeung
- 4) bisa dijadikeun sumber pikeun panalungtikan ka hareupna.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur formal dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” karya Ayi G. Sasmita;
- 2) struktur naratif dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” karya Ayi G. Sasmita; jeung
- 3) kondisi psikologis tokoh dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” karya Ayi G. Sasmita.

1.4 Manfaat/Signifikansi Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga mangpaat anu dibagi jadi opat, nya éta mangpaat tioritis, mangpaat praktis, mangpaat kawijakan, sarta mangpaat isu jeung aksi sosial.

1.4.1 Manfaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat, di antarana:

- 1) référénsi pikeun ngeuyeuban karya kritik dina hasanah kasusastraan Sunda;
- 2) dijadikeun hiji acuan pikeun panalungtikan anu leuwih jembar deui;
- 3) ngariksa sastra Sunda hususna ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan naskah drama;
- 4) ngajén karya anu disawang tina pamarekan struktural jeung psikologi dina naskah drama; jeung
- 5) bisa ngeuyeuban jeung ngalegaan panalungtikan ngeunaan sastra Sunda.

1.4.2 Manfaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat, di antarana:

- 1) pikeun nu nalungtik, bisa nambahan élmu pangaweruh, pangalaman jeung wawasan;
- 2) pikeun kamekaran élmu, bisa jadi sumber référénsi utamana bisa méré gambaran husus pikeun Mahasiswa Program Studi Pendidikan Bahasa Sunda ngeunaan panalungtikan struktural jeung psikologi sastra;
- 3) pikeun guru, dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan naskah drama jeung salaku bahan pangajaran aprésiasi drama;
- 4) pikeun lembaga kasundaan, bisa ngeuyeuban hasil panalungtikan sastra Sunda tur jadi dokuméntasi dina kamekaran sastra Sunda;
- 5) pikeun siswa, dipiharep bisa dipaké média atawa cukang lantaran pikeun numuwuhkeun karesep tur karepna kana karya sastra hususna génré drama Sunda tur bisa neuleuman ajén-inajén dina eusi ieu naskah drama; jeung
- 6) pikeun masarakat, nambahan pangaweruh sarta ngadeudeulan informasi ngeunaan struktur jeung psikologi dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” karya Ayi G. Sasmita.

1.4.3 Mangpaat Kawijakan

Dina Peraturan Daérah Provinsi Jawa Barat Nomor 14 Taun 2014. Pamaréntah geus ngatur kawijakan ngeunaan pemeliharaan basa, sastra, jeung aksara daérah. Ku ayana ieu kawijakan, panulis miharep bisa ilubiung ngamumulé basa jeung sastra Sunda ngaliwatan ieu panalungtikan, ogé bisa ngaronjatkeun minat literasi masarakat kana sastra Sunda.

1.4.4 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Eusi dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” karya Ayi G. Sasmita ngaguar ngeunaan kalakuan budak sakola anu keur meujeuhna néangan jati diri. Ieu hal, jadi pasualan anu remen kaalaman ku barudak sakola. Ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh anyar ngeunaan psikologi anu aya patalina jeung sikep-sikep anu hadé pikeun dilakukeun di sabudeureun masarakat.

1.5 Raraga Tulisan

Tulisan téh dipidangkeun dina lima bab, nyaéta saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka. Eusina ngaguar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika penulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir. Eusina ngeunaan tiori struktural carita, struktur naskah, psikologi sastra humanistik dina drama, jeung panalungtikan saméméhna.

Bab III Méthode panalungtikan. Dina bab III diguar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan.

Bab IV Hasil panalungtikan jeung Pedaran. Dina bab IV dijéntrékeun analisis struktural jeung psikologi sastra humanistik dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” karya Ayi G. Sasmita.

Bab V Kacindekan jeung Rékoméndasi. Eusina mangrupa kacindekan hasil panalungtikan jeung rékoméndasi ti nu nyusun.